

REFLAKSYON

RECHÈCH • REFLEKSYON • AKSYON



RECHÈCH

NOU ATAKE PWOBLÈM YO DEPI NAN RASIN

Atake pwoblèm yo, pa youn lòt ! Sa se alafwa yon slogan e yon angajman metodolojik. Nou kwè ke tout pwoblèm gen solisyon l; menm sa ki parèt enposib la enposib sèlman pou yon ti tan. Nan rechèch, nou travay pou nou konprann kòz fondamantal pwoblèm yo. Nou itilize teknik ak metòd solid pou nou pwodui enfòmasyon ki fyab. Rechèch ede n konprann kiyès nou ye ak kote n soti pandan n ap kreye chemen pou yon avni ki depase pi gran aspirasyon nou te ka janm genyen.

REFLEKSYON

NOU EGZAMINE TOUT TI DETAY

Ansanm, nou byen etidye rezilta rechèch yo nan limyè vizyon nou pou nou bati kominote ki stab, ekitab e pwodiktif. Nou priyore refleksyon ki valorize konesans, valè ak eksperyans pa nou yo, kit yo pozitif, kit yo negatif. Konsa, n ap konnen byen kisa ki bon ak kisa k pa bon pou kominote nou yo. Refleksyon se negosyasyon ki pèmèt nou patisipe nan yon fason enpòtan nan tout sa ki gen rapò ak lavi nou.

AKSYON

NOU PWOPOZE ETAP KONKRÈT

Nou travay pou nou poze e enspire aksyon konkrèt ki gen plis potansyèl pou transfòme kominote nou yo. Se nan aksyon konkrèt menm ke nou vle fwi rechèch ak refleksyon nou yo abouti, sitou aksyon ki amelyore lavi tout moun. Sa vle di, se pou Tirivye menm ke n ap travay, pou tout Rivatibonisyen yo menm. Piblikasyon bilten sa a se fwi angajman nou pou nou pataje dekouvèt nou yo ak tout moun ki konsène anndan kominote nou an.




« Istwa ak kilti se identite yon endividi oubyen yon nasyon. »

- *Méthélo
Denixon
Desinor*

« Rapò lang ak kilti pa antre sèlman nan kad aprantisaj ; li voye nou nan yon estrikti ki pi pwofon, ki se moun nan. Li ranvwaye nou dirèkteman nan konstriksyon ak konstitisyon idantite kiltirèl li. »

Bedina Achille



« Rechèch se dekouvri epi modifye sa k pa bon nan je moun, sa k pa sispann repete depi konbyen syèk. »

- *Jenny Flore
Dalencour*



PLAS LANG NAN NAN PWOSESIS DEKOLONIZASYON AN

Bedina Achille

Dominasyon lengwistik pa janm total, men l toujou mache ak lòt varyab tankou dominasyon politik, ekonomik ak sosyal. Menm si li pa toujou evidan, li se alafwa siy nan ak mask la. Dominasyon pa ka global si li pa egzèse sou plan lengwistik.

Si nou dakò kolonizasyon, sou yon plan ki pi laj, se motè listwa, fòk nou ajoute pwosesis sa a fèt anndan sosyete yo, yon pakèt sosyete ki gen pwòp kilti pa yo. Nou dwe gade mo kilti a nan sans antwopolojik li, ki dezinye fason moun yo ye ak fason yo aji. Anndan tout kilti, nou jwenn yon lòd lengwistik ki nesèsè men ki pa sifizan. Nan kad yon dominasyon ekonomik ak sosyal, kolonizasyon mache men nan men ak yon opresyon nasyonal, sa vle di yon dominasyon kiltirèl. Dominasyon kiltirèl, se pa gade domine a pou anyen, trete l tankou yon moun ki pa gen idantite pèsònèl li nan sosyete a. Dominasyon sa a gen plizyè objektif ; prensipal la se lengwistik. Yves Déjean raple nou « yon mwayen enpòtan yon pèp etranje genyen pou li touye yon lòt pèp li kolonize anba manti se foute lang pa li a fon nan tèt pèp sa a... »

Gen yon nivo sa rive, nasyonalite moun nan kapab etenn ak tout kilti li. Lè kilti domine a fin disparèt, dominan an enpoze kilti pa li a.

Donk, lang pa li a ki pral vin



Prof. Yves Déjean

mennen nou nan yon antwopi san parèy : menm moun anndan sosyete a pa rive konprann youn lòt. Gen yon diferans total nan mitan tout moun.

Dekolonizasyon se pwosesis ki pèmèt nou retounen nan yon mòd vi otoktòn oubyen orijinal. Orijinalite a se kenbe tout sa nou genyen kòm valè ki pwòp ak nou menm, tout sa ki fè idantite nou kòm moun. Se tou, entegre nou nan eksperyans n ap fè chak jou yo, menmsi se pa tout nou pral konsidere kòm bon bagay. Paske n konnen, se pa paske yon pratik se yon pratik otoktòn ki vle di li otomatikman bon pou nou. Se pou sa sosyete yo evolye, pou yo reponn pi byen ak bezwen moun k ap viv ladan yo.

Lang yon moun fè pati entegran nan idantite l. Rapò lang ak kilti pa antre sèlman nan kad aprantisaj, li voye nou nan yon estrikti ki pi pwofon, ki se moun nan. Li ranwaye nou dirèkteman nan konstriksyon ak konstitisyon idantite kiltirèl li. Antanke yon enstriman entegrasyon kolektif ak yon afimasyon endividyèl, lang fonksyone tankou yon makè,

tankou yon endis apatenans. Anplis yon mwayen kominikasyon, lang se kanal ki eksprime kilti epi li se medyatè idantite. Piske lang se yon konpozant esansyèl nan idantite, alò li dwe yon prewokipasyon egzistansyèl nan pwosesis dekolonizasyon an.



Kat nan manb club syans SantRova yo k ap fè lekti_ete 2022

Annou gade egzistans Ayisyen atravè lang kolonyal la ki se franse. Jan nou sot di l la, kolonizatè yo vini e yo enplante lang pa yo. Malgre konstitisyon Ayisyen an rekonèt franse ak kreyòl kòm lang ofisyèl, se tout tan enstitisyon leta, kou prive, ap pase kreyòl la anba pye. Yo akeyi w pi byen lè w pale franse, e yo pi pran w pou ka. Tandike yo ka menm fè tankou yo pa tande w si w pale kreyòl. Menm nan espas edikasyon an, anpil nan lekòl yo itilize 'jeton' pou pini elèv ki pale kreyòl. Yo menm konsidere elèv ki pale kreyòl yo tankou goril (bèt).

Jeton sa a, nan men elèv li rete aprè ranvwa, gen pinisyon ki rezève pou li : peye yon amand, oubyen rete byen ta nan lekòl la elt... « Èske li jis pou yon moun abandone lang manman l pou pa yon lòt moun ? Li sanble yon trayizon terib e li pwodui yon santiman kilpabilite. » Se sa Ngugi Wa Thiong'o panse nan youn nan liv li yo ki rele "Decolonising the mind" kote li ap relate yon pakèt sitiyasyon nan rapò lang ak edikasyon an Afrik, ki pa difereran de sa k ap pase nan lekòl pa nou yo.

Lekòl ki ta dwe yon kote divètisan, yon kote elèv yo ta dwe santi yo alèz pou fasilite aprantisaj, tounen yon prizon, tounen yon kote ki chaje pè ak fistrasyon. Nou ka imajine kisa pè ak fristrasyon kapab kreye kay yon moun, sitou timoun. « [...] Se konsa, nou te aprann valè mo yo, siyifikasyon yo ak nyans yo. Lang pa te jis yon ansanm mo ki kole yo. Li te gen yon pouvwa sijesyon byen lwen dèyè sans imedya ak leksik. Nou te ranfòse pouvwa majik sijesyon nan lang lan ak jwèt yo, nou te jwe ak mo nan devinèt, pwovèb, transpozisyon nan silab, oswa atravè aliterasyon san pye ni tèt nou te jis renmen mizik la. Nou pa t sèlman aprann sans lang, nou te savoure mizik la. Lang lan, nan imaj ak senbòl, te ban nou yon vizyon de mond lan, men li te gen bote pwòp li. Kay la ak jaden yo te lekòl matènèl nou, men sa ki enpòtan, pou diskisyon sa a,

se ke lang lan nan klas aswè nou yo, ak lang lan nan kominote imedya ak elaji nou an, ak lang lan nan travay nou an nan jaden yo, te yon sèl. Answit, mwen te ale nan lekòl la, yon lekòl kolonyal, sa ki te brize amoni sa a. » Nan paragaf sa a, Ngugi Wa Thiong'o fè yon paralèl ant lè l pa t ko al lekòl, ak lè li al lekòl. Lekòl vin kraze tout sa li ye kòm moun, ou te ka di se yon mal paran li fè l lè yo voye l lekòl, paske lè l rive lekòl la tout relasyon ki te genyen ant li menm ak anviwònman l pa t egziste ankò.



Jenny Flore ap anseye youn nan manb club syans SantRova yo chimi an kreyòl

Aprann nan yon lang nou pa konnen, nan yon lang ki pa pou nou, fè nou gen yon sosyete ki pa panse ase, yon sosyete ki pè panse, yon sosyete kote panse se yon egzèsis ki parèt difisil. Pou yon moun sonje sa li aprann e panse sou yon fenomèn, fòk li konprann anvan. Dekolonizasyon mache ak devlopman sou tout fòm. Devlopman li menm, li soti nan tèt, nan panse avan li vin konkrè, sa ki vle di toutotan nou pa ka panse pou nou menm, nou pa ko ka pale de devlopman.

Daprè Ludwig Wittgenstein, yon filozòf langaj, « limit langaj mwen se limit pwòp mond mwen ». Filozòf langaj yo moutre nou lang se pi bon mwayen nou genyen pou tradui panse nou nan reyalite. Pou yon timoun ki leve nan yon kay kote manman l ak papa l, sè li, frè li, tout fanmi l ap pale kreyòl menm nan vwazinaj la se kreyòl yo pale, kisa ki reyalite li ? Reyalite li viv chak jou lakay li, se pa li ki genyen nan lekòl la ; li oblije kite tout li menm lakay li, pou li al anbrase yon lòt moun ki etranje pou li. Pa gen okenn kontinite ki fèt.

Lang se mwayen prensipal nou genyen pou nou transmèt konesans, fason nou ajì, santiman, prejije ak sa ki fòmè pèsonalite nou. Moun ki leve nan yon anviwònman kote se kreyòl yo pale, li pa posib pou yo dekri reyalite e transmèt konesans nan yon lòt lang.

Dekolonizasyon dwe fèt sou tout fòm, e sou fòm lengwistik la an patikilye paske se youn nan fason ki pèmèt nou tradui panse nou pi byen epi k ap mete nou sou chemen devlopman.

Apwopo otè a :

Bedina se moun Tirivyè, Latibonit. Li se etidyan nan Fakilte Lengwistik Aplike/Inivèsite Leta Ayiti. Li se kòdonatè Depatman pou etid lang nan SantRova.

ERITAJ ANPERÈ A

Méthélo Denixon Desinor

Fèt nan Granrivyèdinò nan lane 1758, Jan Jak Desalin te jeneral an chèf ki te kòmande lame endijèn nan kont lame fransè a. Premye janvyè 1804, pandan l t ap pwoklame endepandans la, li te di tout zanzèt ki ensansib devan pwòp malè nou yo ak tout moun ki te bay san yo: « Nou pa fè anyen si nou pa bay nasyon yo a yon egzant revanj tèrib men jis, ki dwe egzèsè pa yon pèp fyè ki pran libète e ki jalou pou li kenbe l ; fè pè tout moun ki ta oze eseye pran li nan men nou, kòmanse ak Fransè yo... Se pou yo tranble lè yo pwoche bò kot nou yo ». Aprè l te fin kouwone anperè sou non Jak I an septam 1804, li te pran dispozisyon pou pwoteje ak defann endepandans lan e mete Ayiti tou sou chimen devlopman.

Ak otorite li te itilize pouvwa l pou fè respekte desizyon l yo. Ki enpak fason l te konsevwa libète ak fason l te egzèsè pouvwa l genyen nan sosyete nou an jounen jodiya? Ki kote konsepsyon sa yo soti e pa ki mwayen yo etabli nan mantalite nou ak nan sosyete a ? Nan ki fason pou nou transfòme konpreyansyon nou de eleman sa yo pou nou kapap bati kominote ki stab, ekkitab e pwodiktif ? Desalin te fè konnen li atache ak lanmou ak libète. Li te di: « Pou lanmou mwen prè pou mwen bay vi m e pou libète mwen prè pou m bay lanmou ».

Pou Desalin, anyen pa dwe fèt a mwaye; se swa li fèt oswa li pa fèt,

e tout sa ki merite fèt dwe byen fèt. Se sa k fè aprè endepandans, li te ini nwa ak milat yo e mete fen nan divizyon tè paske nasyon an se yon sèl. Li te kontwole lanmè ak fontyè nou yo, etabli jistis sosyal ak yon politik agrè pou alinye endepandans politik la ak ekonomi an. Eleman sa yo t ap pèmèt nou evolye e kontwole peyi a totalman. Men malgre li te fè pèp la travay lajounen kou lannwit, li pa t abouti a tout, akòz lènmi l yo te trayi l e asasine l sou pon wouj.



Sa se youn nan fò Machan Desalin yo

Istwa ak kilti se identite yon endividi oubyen yon nasyon. Se sa k fè envokasyon espri nan seremoni vodou nou yo fè pati idantite nou. Men, gen eleman negatif tou ki lye ak idantite n tankou kontradiksyon, trayizon, konspirasyon, enkapasite pou rezoud konfli, kraze-brize ak anpil san. « Koupe tèt boule kay », se te fòmil revolisyon an e l te total e radikal. San edikasyon, zansèt nou yo pa t gen kapasite pou elabore yon lòt plan nan epòk sa a e aji yon lòt jan.

218 ane aprè, menm pratik vyolan sa yo toujou egziste nan sosyete a ak nan mantalite nou,

e se pi mal, paske yo tounen pwazon pou detwi pwòp frè ak sè nou, ansanm ak peyi a ak repitasyon istorik nou gen nan mond lan. Nan ki nivo èske lekòl yo, fanmi yo ak legliz yo ka ede n chanje sa ?

Aktyèlman entere pèsònèl la pa an relasyon ak enterè peyi a. Sa koze nou pran nenpòt desizyon nan nenpòt sikonstans e sa gen enpak negatif sou peyi a. Tandike jenerasyon sa a pa oblije echwe. Nou sèlman bezwen n rete alinye epi gade fwa nan Ayiti ki posib la. Annou aprann e chache konnen sous pwoblèm yo pou n ka pote yon chanjman positif ki nètman diferan. Pa bliye avni peyi a ak jenerasyon aprè yo sou responsabite nou.

Lè nou fin analize peryòd avan endepandans la, nou wè klè lanmou zanzèt nou yo te san parèy premyèman pou pwòp tèt yo e answit pou peyi a. Yo te mete tèt ansanm, e ak detèminasyon, yo te kraze sistèm esklavajis la. Men aprè peryòd sa a rive jis jodiya, olye n itilize endepandans lan pou n kinstwi yon Ayiti prospè e vivab, nou kite èn, jalouzi ak ipokrizi detwi li ti kras pa ti kras jiskaske l depafini. Oumenm ki vle bati nouvel Ayiti a an nou sèvi ak lanmou kòm zam nou olye n simaye perèz ak terè toupatou paske sa yo ap kondwi nou sou menm move chimen an.

San alinyeman yon endividi ak objektif li fikse pou tèt, li p ap janm about, menmsi l te konn fòs li epi travay sou feblès li.

Alinyeman se oryante panse ou, aksyon ou ak fason w viv nan direksyon w vize san konte tout difikilte ou ka rankontre. Menm ide sa aplikab a nasyon an tou. Nou alinye vi nou ak objektif nou pou peyi a. Lè sa n ap kapap pale de sakrifis men alinyeman ak sakrifis ap enposib san lanmou. Sa mande tou pou ke chak jou nou travay pou n konsyantize nou epi mete tèt ansanm pou nou chanje peyi a. Anpil nan pwoblèm nou yo baze sou inyorans sou fason nou dwe renmen youn lòt, tandike san lanmou, nou pa ka fè anyen. Kijan n ap fè rekonèt eta Ayiti si n pa renmen l ? Pou nou abouti a yon peyi ki stab, ekitab ak pwodiktif, nou alawonbadè dwe retrouve baz la answit alinye nou. Pwosesis la se: Lanmou + Alinyeman + Sakrifis = Sikse.

Annou konsidere jodiya tankou yon jou aprè endepandans kote kè kontan, fyète ak lanmou t ap banbile e pataje antre zanzèt nou yo. Imedyatman aprè n fin viv emosyon sa yo n ap rejwenn kle lanmou sa e n ap gen pouvwa tou pou n padone e korije tout sa ki mal lakay nou. Touswit panse ak aksyon nou yo ap oryante vè estabilite, devlopman, pwodiktivite ak kreyasyon, e move pratik yo ap ekate mòdvi nou. Kounyeya imajine nouvel Ayiti, chak moun bò kote pa l la ?


Apwopo otè a :

*Methelo se moun Tirivyè,
Latibonit e ansyen elèv École
Notre Dame de Fatima.*

Anatomi lavi entèlektyèl la : yon apwoch pou travay nan 21 èm syèk la

Jenny Flore Dalencour

Vi moun defini sou anpil teyori, baz ak prensip. Travay, fè fas ak eprèw pou atenn objektif nou oubyen pou n viv miyò, se sa n fè chak jou. Jan nou kapab konstate, moun travay toutan, tout lè, tout epòk. Moun travay kit yo byen, kit yo malad. Moun menm konn vyole règ mounite a nan fè travay ki mete kò a an danje, travay ki depase, travay ki ka detwi kò fizik yo. Men èske travay sa yo sifi pou n revòlte epi chanje yon syèk?



Yon manb club syans nan SantRova_ete 2022

Travay, yon nosyon ki estrèmman enfliyan e enpòtan, genyen gwo valè nan je moun. Moun travay pou fè lajan, pou sosyalize ak moun, pou reponn ak diferan bezwen yo. Men ki sans travay ka gen ankò pou nou kòm moun k ap panse pou chanjman? Travay, nan sans nou ta vle pale a, gen anpil pwofondè. Li pa sèlman defini sa n sot site pi wo yo, men li vle di tou aprann ak pwodwi. Li vle di rechèch, repons epi aksyon.

Nou aprann fè konesans ak anpil

vèti. Men pami tout bon vèti ki konstitiye lavi entèlektyèl la, lespri travay la se youn nan yo, youn tou ki gen sans ak valè pou nou. Menm lespri travay sa a makonne ak yon seri lòt valè tankou : yon lespri byen disipline, briyan, yon devouman pou rechèch, konsantrasyon, soumisyon, verite ak kiryozi. Tout ansanm, sa yo ka ede n dirije lavi n, pou yon panse pozitif pou chanjman.

Chanjman posib, tank gen moun k ap panse. Evolisyon egziste toutotan gen nanm ki devwe, ak kè ki manifeste volonte pou reflechi epi patisipe. Mete sou sa, nou gen chans posede lespri, entelijans pou nou reflechi epi konstwi bagay nèf. Anpil moun entèlektyèl, anpil moun etidye, men moun pa tout tan sèvi ak entelijans yo genyen pou devlope antouraj yo.

Moun souvan konprann nosyon entèlektyalite a tankou gwo etid, moun save ki ka kenbe yon long diskisyon entèlektyèl. Moun ki pale plizyè lang e ki ka konprann epi reflechi sou plizyè sijè. Entèlektyèl ka vle di tout bagay sa yo. Men lavi entèlektyèl la menm, sa n panse ki ka sèvi nou bon chemen pou nou apwoche yon syèk tou nèf, yon syèk devlope, se egzaktman yon kontinite, yon penetrasyon, yon pouswit de yon chemen long ki mande anpil efò metodik. Se tou yon devlopman pwofon lespri a, kote moun nan mete l disponib pou l reflechi, poze kesyon, etidye strateji epi pou l poze aksyon k ap ka sèvi kominote l.



Lavi etid mande sakrifis, li enplike anpil gwo obligasyon. Se pou sa nosyon entèlektyèl la vin vle di sa k pi pwofon an pou nou. Se tout yon vi, yon pwosesis, yon vi ap aprann yon seri vèti ki konstitiye chapant lavi entèlektyèl la menm. Lavi entèlektyèl m ap pale de li a enplike lespri travay, òganizasyon, eprè, konsantrasyon ak imilite.

Nou konsyan de kijan entelijans nou gran, li elastik, men li mande antrènman. Sa vle di tou senpleman ke n ka aprann anpil, fè bon refleksyon men tout bagay sa yo p ap rive san okenn efò ak antrènman. Lespri travay la vin antre an liy de kont nan sans tou pou n toujou depase tèt nou, konsantrasyon, toujou chèche konnen plis pandan nou p ap sispann panse ak itilite rechèch sa yo nan devlopman antouraj nou.

Entèlektyèl la, malgre l gen pou l konsantrasyon l sou travay li, li pa dwe elwanye l de kominote l la. Li dwe pito pran pozisyon pou aprann de antouraj li pandan l ap panse ak bon jan strateji pou abouti ak bon rezilta.

Òganizasyon, nan lavi entèlektyèl la, gen anpil enpòtan. Òganize lavi nou jodiya sinonim ak travay pou transmèt bon jan abitud oubyen pratik ak lòt jenerasyon yo. Entèlektyèl la dwe jeneralman konsantrasyon l sou etid li. Men an menm tan, san eksès. Pwen sa tout bon fè n panse ak kijan pran swen kò nou gen valè. Nou bezwen sonje ke kò nou reprezante pi gwo resous ke nou genyen pou n travay. Se sa k fè li enpòtan pou nou evite pouse kò a fè sa l pa ka fè. Travay nan tan pou n travay, e repoze lè sa mande. Lavi entèlektyèl la enplike prekosyon ak efikasite. « *Ne chargez pas le sol avec excès; ne poussez pas la construction plus que ne permet la base, ou avant que la base ne soit affermie; se serait faire en sorte que tout s'effondre* ». Yon fraz A. D. Sertillanges ki pouse n panse ak kijan n dwe pasyan e efikas.

Eprè ki sou wout lavi entèlektyèl la ap anpil, se sèten : lè n pa satisfè de tèt nou, enspirasyon yo mal pou vini, endiferans moun nan antouraj nou, lanvi, lè moun pa konprann travay nou, pale anpil, enjistis, lè moun anlè tèt nou sispann soutni nou, lè zanmi n pa konprann nou e sispann kolabore avèk nou. N ap bezwen konsantrasyon ak detèminasyon pou n kontinye avanse malgre eprè yo.

Youn nan vèti yo ki enpòtan anpil ankò se "imilite". Li bon pou n vire do bay lògèy. Se pou n pito anbrase imilite.

Men lè sa a, se pou n gade pito avèk sajès, yon fason pou lespri n ka wè pi klè. Alò men sa ki travay pwofon an: travay ak tèt, kò, nanm epi lespri.

Yon entèlektyèl dwe zanmi rechèch, se sa ki dwe menm tout pasyon l, san l pa pou otan detache l ak koninite l. Okontrè, li gen devwa pou l enplike l nan lavi antouraj li, poze kesyon epi etidye strateji pou poze aksyon. Pa bliye entèlektyèl la soti nan koninite a. Fanmi, paran, pwofesè ak zanmi patisipe nan devlopman l ak evolasyon l. Entelijans li ak efikasite l, ke tout yon kominote ede l bati, dwe yon sous motivasyon pou itilize konesans li nan patisipasyon pou mete devlopman sou pye.

Sa m vle di tout bon se rechèch sou tèren, kesyone epi konstate kijan fonksyonman lavi moun ye, epi swiv opòtinite ak volonte ki disponib pou kòmanse konstwi. Se tou, rechèch pou dekouvri epi modifiye sa k pa bon nan je moun, sa ki mal men ki pa sispann repete depi konbyen syèk.

Lavi entèlektyèl la pa senp. Jan nou di a, li mande efò ak dispozisyon. Youn nan konplis li yo ki se rechèch, jwe wòl yon bon sipò pou soutni devlopman. Anpil fwa, kominote nou yo ak antouraj nou konn nan sitiyo kritik. Pwoblèm yo souvan anpil; defi yo menm konn pi plis ke moun ki konprann, ke moun ki gen volonte pou reflechi. Pi gran tou, ke volonte moun pou egzaminen epi kontribye nan amelyore.



Men, resous imèn yo pa janm sispann egziste. Moun toutan ap evolye epi grandi. Entèlijans yo menm devlope anpil, men konsyans ak lide pou patisipe nan kreye byennèt pou lòt moun ki pi fèb yo pa souvan konte pou yo.

Men lè n ta fin konprann tout bon vre strikti lavi entèlektyèl la, sa ki karakterize l, sa li rekòmande ak diferan enplikasyon l yo, lè entèlektyèl pa selman vle di entèvni sou divès sijè ak ekri liv sou tout sijè k ap fè layin, lè poze kesyon, reflechi ak chèche dekouvri ta vin gen sans pou nou, jou antouraj nou, kondisyon lavi moun ta vin enpòtan pou nou, lè tout bon vre entèlijans nou ak kouraj pou travay ta dirije n pou n pran responsabilite n ak devwa n genyen antanke moun, lè sa a devlopman ak chanjman ap vin vle di plis pou nou ke yon senp konsèp. N a konprann ke n se responsab demen jodiya. Y ap vin enpòtan pou nou e n ap konprann ki kalite pouvwa ak opòtinite nou genyen pou n patisipe, patisipe nan kolabore epi kontribye pou avansman.

Lè nou fin konsidere tout bagay sa yo, n ap mande tout bon vre si tout pakou oubyen chemen sa yo ka pèmèt nou panse pou devlopman. N ap mande n si rechèch ak sa entèlektyèl la ye ka abouti a yon rezilta konkrè. Apwoche lavi entèlektyèl la, konprann tout bon vre ki valè chema sa genyen ak evalye enpak rechèch, pa sèlman kèk repons ak divès kesyon nou yo. Men se kòmansman menm wout kap mennen nou nan chanjman an. Se eleman vital k ap sèvi kòm bousòl nou pou n kontribye nan evolisyon.

Sa ki klè, nou dwe konprann ke resous yo egziste : moun vivan, entèlijans k ap devlope, lanati menm ki ofri n tout fas li san rezèv, resous, potansyèl, entèlektyèl ki devwe pou fè rechèch. Tout bagay sa yo dezinye tout bon vre ak ki frekans ke sa posib e ka rive vin konkrè si gen volonte ak detèminasyon pou poze aksyon.

Li klè ke travay entèlektyèl la gen pou l konsakre avè l la mande volonte, potansyèl ak strateji. Men sa ki pi klè toujou sèke travay pou kreye Ayiti demen an jodiya posib si n travay pou sa, pa nan travay ki ap detwi kò a, ki mande efò egzajere san pou otan abouti ak okenn pwogrè; pa nan travay ki dezimanizan e ki fè moun soufri nan kò ak nan lespri, men se tout bon yon lespri travay ki konsistan, k ap pouse n panse, reflechi pou n poze aksyon, yon

lespri travay k ap sispann fè n panse ak limit yo, enposibilite ki genyen pou nou poze aksyon. Men pito travay k ap fè n wè ti limyè nan kwen ki pi fè nwa a, k ap fè nou wè prezans yon ti gout dlo kote ki pi sèch la.

Lespri travay jwe gwo wòl nan devlopman yon kominote. Lè yon kominote ap grandi, se tout konesans, lespri travay ak dezi pou patisipasyon ki bouste chanjman an. A kisa sa ap sèvi si moun nan kominote yo pa gen lespri travayè ? Si travay vle di pou yo sèlman travay fizik ki rijid, men pa vle di okenn travay lespri k ap pouse a aksyon ?

Moun posede entèlijans, men li p ap sèvi twòp anyen si itilizasyon an pa fèt, si moun pa sèvi ak li pou chanje sa k pa fè sans nan antouraj yo. Jodiya nan kominote yo, nou pa souvan satisfè ak kondisyon ki reyini pou moun viv. Standa pou lavi moun konn mennen tèlman ba, pi gwo solisyon pou endividi a se swa l abandone koninote a oubyen l atake moun parèy li, olye li atake pwoblèm yo.

Men li evidan ke evolisyon pa ka fèt nan kondisyon sa a. Men pito nou panse ak sa nou ye antanke moun, ak devwa sa nou gen nan men nou pou n panse, reflechi pou n mete sou pye bon jan strikti pou ede tèt nou ak lòt moun parèy nou viv pi byen.



Fè kominote n ap viv la evolye ta dwe pasyon n. E pasyon sa ta dwe pouse n reflechi, etidye pou n wè kijan n ka patisipe nan akonplisman travay pou byennèt kominote a. Anpil moun fè gwo etid. Gen sa k fini lekòl klasik epi yo kontinye pouswiv etid yo nan inivèsite. Yo kontinye etidye pou yo ka travay e fè lajan. Lè sa, moun souvan chwazi domèn k ap pèmèt yo gen vizibilite epi fè lajan pou yo viv.

Men konbyen fwa nou panse ak chwazi yon karyè pandan n ap panse ak bezwen kominote nou yo ? Èske n panse ak peyi n nan chwa etid nou yo ? M te reyini ak yon gwoup timoun, laj yo te 10 pou rive 15 lane konsa. M te anvi konnen ki sa k nan lespri yo, kisa sa vle di pou yo patisipe ak angaje nan kominote yo. M te poze yo kesyon sou kisa yo te vle aprann kòm metye e poukisa. Tout te dim divès kalite metye, e yo chak te ban mwen yon rezon. Genyen k te di paske yo renmen l, y ap ka fè kòb avè l, se li k bay opòtinite elatriye...

M te tande yo ak anpil atansyon. Yo te sèten ke se sa yo te vle fè vre e yo te sanble bay rezon ki pou yo te valab. Malerezman, okenn nan timoun sa yo pat mansyone enterè pou pote sekou a kominote yo. Enterè pou etidye paske sa ap resous pou rezoud yon pwoblèm byen detèmine nan antouraj yo pa antre nan plan timoun sa yo.

Lè m te fin fè eksperyans sa ak timoun yo, mwen te remake ke yo pa t gen kilti sa pou yo te panse a patisipasyon yo, enplikasyon yo nan avansman kominote yo. E se sa menm ki enpòtan, pou nou chak grenn sitwayen panse ak kominote l. Se pou l tout tan ap mande tèt li kisa l ka fè pou l bay kout men pa l la.

M konsidere sa tankou yon patisyon mizik. Twonpèt la gen pati pal, klarinèt la, saksofòn nan, senbal la elatriye. Se tout enstriman sa yo k ap met ansanm pou kreye amoni. Sinon, mizik la ap manke, li p ap gen sans.



Men lè tout pati yo konn sa yo dwe fè, yo konnen kisa k ka rive si yo pa fè devwa yo, y ap pran responsabilite yo an men e y ap patisipe jan sa dwe ye.

Se la kounya nou bezwen tout bon repanse ak revòlt ke nou bezwen fè jodiya pou n di non ak dezimanizasyon. Nou temwen de reyalite a, nou viv li chak jou. Nou rekonèt nan pi pwofon noumenm, ke nou merite yon vi moun dwe mennen, yon vi kote jistis egziste, kote moun pa vire do bay moun. Nou admèt ke nou se moun e ke n pa ka trete tankou bèt. Men twòp fwa, nou reziye n epi n viv lavi ki pa destine pou moun. Nou soufri, nou pa sispann fè pwòp tèt nou mal. Sa fè n mal, men nou konvenki ke nou pa gen lechwa, ke nou oblije viv konsa koz baryè yo twòp, resous yo lwen nou.

Nou travay anpil sevre, travay ak kò nou ki nesese anpil enèji ak kouraj. Nou fè kò n abi, nou sakrifye manm kò nou nan gwo kòve. Men finalman, travay sa yo pa sifi pou ede n revòlte pou n chanje antouraj nou. Pito, ann angaje n nan travay lespri. Refleksyon apwofondi sou divès pwoblèm n ap rankontre nan kominote nou yo ka ede n fè premye pa pou patisipe nan devlopman.

Nou te dekri lavi entèlektyèl la ase byen pi wo a. E nou te wè ansanm ki valè ak dispozisyon li mande. Chemen lavi entèlektyèl la ase egzijan, men obzèvasyon règ ak vèti l yo ka konstwi n ase pou n aji. Travay pa ka sèlman kòve ki mete an peril kò a, men tou li ka travay lespri k ap angaje nanm ak entèlijans moun pou konstwi.

Chema lavi entèlektyèl la enpòtan pou nou moun ki ap reflechi a evolasyon. E mwen kwè se yon bon apwòch pou 21^e syèk la.

Apwpo otè a :

Jenny Flore se etidyan nan fakilte Syans Jiridik ak Politik nan Inivèsite Kiskeya. Li se asistan rechèch nan Depatman pou rechèch stratejik nan SantRova.

Kwen lektè yo : Repons kritik vizavi nimewo 17 oktob 2022 a.

Suit a piblikasyon Siméon Romélus ki te fèt nan Reflaksyon nan dat ki te 17 oktòb 2022 a, mwen vle atire atansyon sou pwèn sa, « konpreyansyon Ayisyen sou libète ak pouvwa »

Li enpòtan pou nou konprann se pa konnen Ayisyen pa konnen sa mo libète ak pouvwa vle di vre e ou pa bezwen save pou w gen yon ide sou libète ak pouvwa. San sa, an 1804, nou pa t ap pran libète nou nan men blan fransè yo, yon fason pou nou te ka lib, e lè sa, antanke premye repiblik nwa, nou te fè premye eksperyans nou ak papa nasyon an, Desalin. M ap ajoute, aprè 7 fevriye 1986, aprè depa rejim divalyeris la, nou te vin gen yon tranzisyon e Konstitisyon 29 mas 1986 la te fè Ayiti vin yon eta demokratik. Tout sa te posib paske nou te gen yon konpreyansyon de sa nou t ap goumen pou li a.

Kounya la, kisa ki mete peyi a nan tout kriz sa yo jounen jodi a? Lè nou konsidere prensip demokratik oubyen sa sa vle di pou nou viv tankou moun, nou poze tèt nou kesyon, èske se chwa ke nou fè nan moun n ap chwazi pou dirije nou yo oubyen se enkonpetans yo antanke lidè ? N ap remake tou ke nou pa retri twòp bagay nan listwa n. Nou ka di 1804 se te pi bon moman pou n te pati sou bon baz. 1986 ankò pase san nou pa sezi opòtinite antanke nouvo afranchi de rejim diktati a. M akòde w sa, yon konsyans kolektif enpòtan menm lè nou pa gen yon lidè konsekan k ap bay egzanp ou di mwens kreye bon jan sinèji ak pèp la yon fason pou l depase tèt li, kote libète ak pouvwa gen sans ke w ap pwone a. E pou n rive la nou bezwen yon jenerasyon ki pare pou afwonte diferan defi yo. M ap ajoute ke yon pèp se tankou yon twoupo mouton li ye. Li bezwen yon bon bèje pou gide l. Kidonk, yon fwa li chwazi lidè l e li fè l konfyans ase, lidè sa a gen posibilite pou l mennen pèp sa a nan bon destinasyon, andepi de tout obstak ki ka rive sou wout li, ki vle di, bay bon jan egzanp pou rive mete peyi a sou ray. M panse Ayisyen ka gen yon lòt konpòtman pa rapò ak toude konsèp sa yo, lè yo pran desten yo nan men yo, pandan y ap chwazi yon bon jan lidè k ap mennen yo tout bon sou chimen libète a, kote youn ap ka respekte lòt.

Erick Junior François

Yon ti analiz sou bilten reflaksyon 17 oktòb la sou kesyon relasyon ant edikasyon ak pouvwa.

Toupatou nan mond lan, anpil moun kwè ke edikasyon jwe yon wòl enpòtan, pou m pa di endispansab nan devlopman. Yon peyi ki gen sistèm edikasyon l bwate ap gen yon reta nan sa ki gen pou wè ak kesyon devlopman li. Se wòl leta a pou l asire l ke tout moun al lekòl. Konsa, lè moun ki pi gran yo kòmanse febli, lòt moun ka gen posibilite pou yo pote kontribisyon pa yo nan kontinite pwosesis devlopman an. Nan yon li vi li ekri an 2021 sosyològ ayisyen sa ki se Laennec HURBON, ki gen yon doktora nan sosyoloji ke li ekri nan lane 2021 sou kesyon edikasyon ki gen pou tit « L'éducation, condition du développement en Haïti » an, n'ap rive konprann ke se pa reyèlman abi pouvwa pwofesè nan yon lekòl, legliz osnon nan fanmi ki se prensipal sous defèt nou kòm pèp jounen jodia. Siksè yon sistèm edikatif baze sou rechèch ak envansyon. Rechèch la li menm ki se pilye(fondman) manyè pou n abòde devlopman an prèske pa egziste nan peyi a. Nou ka konte sou dwet divès pwogram ki mete pou ranfose kesyon edikasyon ak valorizasyon konesans nan yon sosyete. Kanta pou konesans la li menm, li se youn nan pilye ki pèmèt devlopman yon edikasyon efisyan.

Sou menm lanse sa a, nou kapab konstate ke depi nan sistèm esklavajis la, nwa yo pa t gen aksè pou al lekòl. Petèt yo te ka fè twòp pwogrè pou retire tèt yo nan lesklavaj la si yo te edike. Fim « Case départ » aktè Fabrice Eboué a ba nou yon bèl egzanp. Li te konn li men malerezman li tonbe nan esklavaj akòz yon erè ki pase, se a travè manti ke yon pè t'ap bay nan yon bib ke kolon yo te dekouvri majorite talan aktè a genyen e vle demaske l de rès esklav yo paske l te konstitiyè yon danje pou enterè metwopòl la. Men sa ki asire n, nou gen chans nou kapab li a kounya. Malgre pousantaj la trè feb (anviwon 25% selon). Men m konstate tou anpil nan pwotagonis esklavaj nou yo gen yon kontwòl trè siyifikatif sou pi gran pati edikasyon nou. Sa ki te ka pèmèt ke nou panse yo ba nou sa yo vle.

Ki rapò tout sa genyen ak pouvwa ke n'ap pale de li a ? Jan otè bilten reflaksyon premye trimès la te di l la, gen anpil echèk ke jenerasyon aktyèl yo sibi se fas ak pasivite anpil enstitisyon. Nan pwennvi m sou kesyon sa a, m ka gade ki wòl enstitisyon sa yo genyen e rive wè poukisa otè a pale de li konsa. Ann eseye gade nan fanmi yo : nan majorite fanmi ayisyèn, timoun pa gen dwa bay opinyon yo sou okenn sijè. Sa vin rann lè yo rive nan peryòd kote yo majè a yo santi se yon delivrans. Se sa k koz tou mank edikasyon timoun yo ak mank atansyon paran timoun yo konn rann se

zanmi ki konn sa k ap pase nan lavi yo olye se paran. Men èske w ka bay sa w pa t jwenn ? Se la a nou dwe tounen nan baz pwoblèm yo. Yon paran ki pa t resevwa yon nivo edikasyon adekwa paka rive pataje yon edikasyon ki gen kalite. Si n'ap referanse n ak kesyon lekòl nan peyi nou, li plis detwi olye konstwi.

Ou ka sezi di sa m'ap di konsa petèt m fè erè, non se pa erè, se yon senp verite ki anba zye nou ke n pa bay valè. Abi pouvwa anpil pwofesè ak lòt pèsònèl edikatif kontribye anpil nan sa n'ap pwodwi jounen jodia. Kijan w ka konprann yon timoun pa ka kenbe leson e w kale l ? premyeman ou fè l pè w e dezyèmman li vin nan yon konfizyon kote se swa l kenbe leson an oubyen li abandone. O padon ! abandon eskolè pa twò lwen ak banditis non, pa di w pa t konn sa.

Kanta pou enstitisyon relijye yo menm, ansanm ideyoloji yo souvan pwone yo montre ke pa twò gen ankourajman pou edikasyon. Li ra anpil pou w jwenn yon legliz gen ribrik espas jèn k'ap reflechi peyi. M pa di ke se tout legliz ki pale de bib sèlman men amelyorasyon an dwe kòmanse nan enstitisyon enfliyan sa yo.

Nan sans sa a tou, pou gen yon bon baz edikativ ki pwospè, kesyon kilti a gen wòl pa l pou l jwe (sa nou rele edikasyon kiltirèl la enpòtan). M pa vle pale de kilti nan manyè global men pito atravè atis yo ki gen yon enfliyan sou gwoup moun yo.

Anpil fwa yon timoun ap leve, li gentan konn tout pawòl nan yon mizik ki soti avan l konn sa k nan liv li yo. Donk, sa se yon mwayen n te ka touche yo. Men ki atis ki ase patriyòt pou konprann ke enfliyan yo ka kontribye nan pozitivite peyi a? Nou ka konte yo sou dwèt wi. Èske w panse yo tandè yo? Selon mwen, yo pa gen vizibilite pase sa. Dayè mizik k'ap pase nan radyo, videyo k'ap woule nan televizyon se souvan sa ki denigre fi oubyen sa k'ap fè pwomosyon pou anpil ajan nwizan nan edikasyon.

Se nan pati sa a m vle atire atansyon nou sou ide otè reflaksyon nimewo l an ki te etale pwoblèm yo san arive yon solisyon konkrèt. Tout pwoblèm ki idantifye rezoud a mwaye. Avek kokennchenn obsèvasyon m fè, m di wi yo ka rezoud e efikas si gen volonte kay chak aktè konsène yo. Se poutèt sa, demand mwen pou ou menm k'ap li atik sa a se pote kontribisyon w depi kounya nan chanjman kominote w pou l ka vin stab e pwodiktif. Chanjman an dwe kòmanse nan ou k'ap transmèt mesaj la pou l ka efikas paske devlopman pa fèt san edikasyon e edikasyon pa fèt ak pouvwa men pito otorite.

Pa janm pèmèt ke w gen pouvwa men pito otorite pou dezisyon yo pa soti nan ou sèlman men pito nan tout antouraj ou. pwennvi yo fè chemen yo.

Lè chak moun ekspriye yo, se yon byenfè paske gen anpil talan ki gache akòz posibilite ki pa genyen pou pwennvi yo fè chemen yo.

Luckson Pierre, etidyan nan twazyèm ane syans ekonomik ak dezyèm ane sikoloji nan ILA.